

Plis Opòtinite Patisipasyon Timoun Dèlanesans Jiska Senkan Daj

Tout jèn timoun bezwen bon jan opòtinite pou devlope abilite yo, etabli karaktè li ak etabli baz aprantisaj pou lavi depi byen bonè ak devlopman yo bay anpil opòtinite ki pèmèt devlopman jeneral timoun la, amelyore chans pou yo viv yon vi sen ak pwodiktif.



Benefis pou tout Timoun ki patisipe yo

- Aprann nouvò abilite pandan lap gade ak jwe ansanm ak lòt timoun
- Devlope zanmitay
- Devlope yon imaj pozitif de tèt li
- Devlope yon atitud sen anvè moun ki espesyal
- Devlope abilite pou kab plen resous, Kreyativite ak kolabore ansanm ak lèzòt

Benefis Patisipasyon pou tout fanmi yo

- Ogmante aksè a bon jan swen pou timoun
- Bay tout opòtinite pou fè zanmi ak dive Gwoup fanmi
- Pataje enkyetid yo, bezwen yo, espwa ak dezi yo genyen pou pitit yo ak lòt paran yo
- Aprann tout koze ki gen pou wè ak devlopman timoun

Benefis patisipasyon pou Pwofesyonèl yo

- Kolabore ansanm, ansanm pou sipòte timoun ansanm ak fanmi yo
- Devlope pi gwo pespektiv sou kijan timoun grandi ak aprann
- Devlope patenarya ak tout resous Kominote yo ansanm ak ajans yo
- Bati relasyon solid atravè kominikasyon Ak paran yo ansanm ak lèzòt
- Travay ansanm pou bay pwogram ak sèvis Kalite

Benefis patisipasyon pou kominote yo:

- Founi yo ak fondasyon abilite pou lavi Dèlanesans jiskaske yo vinn granmoun
- Ranfòse tout opòtinite yo pou sipòte yon kominote pi divès
- Devlope tolerans pou tout kalite moun

Poukisa? Paske lap benefisye tout moun!



**Expanding Opportunities
for Early Childhood Inclusion**

Sa patisipasyon pou timoun dèlanesans vle di?

“Patisipasyon timoun depi byen bone reprezante tout valè yo, nòm yo ansanm ak tout pratik ki sipòte dwa chak timoun piti ak jèn timoun ansanm ak tout fanmi yo, kelkeswa abilite li pou patisipe nan yon vatyete aktivite ak konteks kom manm entegral fanmi yo, kominote yo ak sosyete a. Rezilta ke nou dezire nan patisipasyon sa yo Pou timoun enfim ou pa ansanm ak tout fanmi yo se yon eksperyans ki fè yo santi yo fè pati entegral, ke yo jwenn relasyon ak zanmi pozitif ansanm ak devlopman epi ke yo aprann jwenn tout potansyèl yo.”

Depatman Early Childhood (DEC) ak The National Association for the Education of Young Children (NAEYC) devlope deklarasyon sou patisipasyon pou timoun dèlanesans an avril 2009, pou yo te ka sèvi ak definisyon sou patisipasyon an nan tout nasyon an.

POU PLIS ENFÒMASYON

Kontakte anyè Early Childhood Service la nan

www.centraldirectory.org

oswa rele gratis : (800) 654-4440

Devlope pa Florida Expanding Opportunities for Early Childhood Inclusion in Florida yon inisyativ ant de ajans ki pwomouvwa chwa patisipasyon pou jèn timoun enfim ansanm ak fanmi yo, ki reprezante Depatman Edikasyon La Florid, The Children's Forum, the Agency Workforce Innovation, Florida Department of Health Children's Medical Services Early Steps, Florida Head Start State Collaboration Office, Òganizasyon Paran/fanmi yo, Florida Developmental Disabilities Council, Tout Enstisyon Edikasyon Siperyè yo. Tout manm fanmi ak reprezantan Pwogram lokal yo.

Jiyè 2010